

# KLAS 4YÈM ANE

NIVO ELEMANTÈ

EGZAMEN SYANS

EGZAMEN EKRI

3 JEN 2013

Non Elèv la \_\_\_\_\_

Non Lekòl la \_\_\_\_\_

**Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy kominikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.**

Ekri non w ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo.

Egzamen an gen de (2) pati. Pati I a ak II a nan tiliv egzamen sa a.

**Pati I** a gen 30 kesyon chwa miltip. Ekri repons pou kesyon sa yo sou yon fèy repons apa a. Sèvi ak yon kreyon nimewo 2 sèlman sou fèy repons lan.

**Pati II** a genyen 13 kesyon ki mande pou konpoze yon repons. Ekri repons ou bay pou Pati II a nan tiliv egzamen sa a.

W ap gen tout tan ou bezwen pou reponn kesyon yo.

**PA VIRE PAJ SA A TOUTOTAN YO PA DI W VIRE L.**

## EKSPLIKASYON

Genyen 30 kesyon nan Pati I egzamen an. Apre chak kesyon, gen twa (3) oswa kat (4) repons, ki gen nimewo A–D. Tanpri li kesyon avèk anpil atansyon. Gade ki repons ki pi bon pou chwazi. Sou fèy repons apa a, make repons ou nan ranje ti sèk yo pou chak kesyon yo; pou make repons lan, nwasi ti wonn ki gen menm lèt ak repons ou chwazi a. Sèvi ak yon kreyon nimewo 2 pou make fèy repons lan.

Li egzanp kesyon **S-1** ki anba la a.

**S-1** Lè dlo jele, yo rele li

- A bwouya
- B glas
- C bye
- D vapè

Repons kòrèk la se **glas**, ki sou kote lèt **B** a. Gade sou fèy repons lan, nan kare ki gen ranje ki gen ti wonn pou repons pou kesyon ki nan egzanp **S-1** an. Gade kouman yo nwasi ti wonn ki koresponn ak lèt **B** a.

Kounye a, bay repons pou kesyon ki nan egzantp **S-2** a. Make repons ou sou fèy repons lan nan kare ki gen ranje ki gen ti wonn pou kesyon ki nan egzantp **S-2** a.

**S-2** Ki bèt ki gen zèl?

- A zwazo
- B krapo
- C sourit
- D lapen

Repons kòrèk la se **zwazo**, ki sou kote lèt **A** a. Sou fèy repons lan, ou te dwe nwasi ti wonn **A** a.

Reponn tout 30 kesyon yo nan Pati I egzamen sa a. Nwasi yon sèl ti wonn pou chak kesyon. Si w vle chanje yon repons, ou fèt pou efase repons lan nèt. Ou kapab pa konnen repons pou kèk nan kesyon yo, men sèlman fè sa ou kapab pou chak kesyon.


Lè w fini ak Pati I a, ale nan Pati II a. Reponn tout kesyon ki nan Pati II a nan espas pou chak kesyon.

## Pati I

1 Ki deklarasyon ki dekri fason enèji kapab itil?

- A Kout zèklè frape yon bilding.
- B Yon dife boule yon kay nèt.
- C Elektrisite chofe yon fou.
- D Van an lage yon pano atè.

2 Kat (4) dyagram ki anba la a montre de (2) leman, *X* ak *Z*. Gen diferan distans apa nan chak dyagram. Nan ki dyagram leman *Z* gen atraksyon ki pi fò nan leman *X*?




3 Gen yon lonbraj anba yon pyebwa. Ki fòm enèji ki dwe prezan pou lonbraj la parèt?

- A chalè
- B limyè
- C son
- D mekanik

4 Matyè defini kòm nenpòt bagay ki pran espas epi ki gen

- A mas
- B teksti
- C odè
- D koulè


5 Diagram ki anba la a montre yon moun k ap itilize yon zouti pou leve yon bwat.



Ki zouti moun nan ap itilize a?

- A plan encline
- B leveye
- C leman
- D pouli


- 6 Diagram ki anba la yo montre obsèvasyon lateral yon zòn teren ki toupre oseyan an. Dyagram yo montre kijan zòn nan te chanje apre yon peryòd tan.



Chanjman teren ki endike nan dyagram nan te pi ka fèt akòz

- A ewozyon ak depo
  - B ewozyon ak mayetis
  - C gravite ak evaporasyon
  - D gravite ak kondansasyon
- 7 Solidite, odè ak gou yon objè, yo tout kapab
- A mezire avèk yon règ metrik
  - B mezire avèk yon balans-a-resò
  - C obsève avèk sans yo
  - D obsève avèk yon lantiy
- 8 Yo te mete de (2) ti bwat metal, youn nwa ak youn blan, deyò nan yon jounen ki te fè cho. Toulède ti bwat yo te gen menm gwosè epi yo te kite yo nan Solèy la pandan 3 èdtan. Parapò avèk ti bwat blan an, ti bwat nwa a ta ka
- A pi frèt, paske li absòbe mwens limyè solèy
  - B pi frèt, paske li absòbe plis limyè solèy
  - C pi cho, paske li absòbe mwens limyè solèy
  - D pi cho, paske li absòbe plis limyè solèy

9 Dyagram ki anba la a montre trajektwa yon balon foutbòl pandan l ap deplase depi nan pwen kòmansman jiska pwen finisman an. Flèch la reprezante yon fòs k ap aji sou balon an.



Ki fòs flèch la reprezante?

- A mayetis
- B gravite
- C elektrisite
- D friksyon

10 Aparans Lalin nan jan yo obsève li depi Latè chanje apre yon peryòd tan akòz

- A trajektwa ki toutotou Latè
- B dire lajounen
- C gravite
- D tanperati

11 Dyagram ki anba la a montre Latè k ap vire.



Ki kantite total wotasyon konplè Latè fè nan 2 semèn?

- A 1
- B 2
- C 7
- D 14

12 Ki fòs ki lakòz yon bisiklèt ralanti lè fren yo peze?

- A friksyon
- B elektrisite
- C gravite
- D mayetis

13 Ki òganis ki dekonpoze ak resikle plant ak bèt ki mouri?


- A predatè
- B viktim
- C dekonpozè
- D pwodiktè

14 Ki aktivite ki se yon bon abitud pou sante?

- A bwè alkòl
- B fè egzèsis fizik souvan
- C dòmi sèlman 5 èdtan pa jou
- D fimen sigarèt



- 15** Yo te plante de (2) plant menm espès ak menm gwosè nan po sòl ki idantik. Yo te mete yon po nan yon fenèt epi yo te mete lòt po a sou yon tab. Yo te bay toulède plant yo menm kantite dlo ak eleman nitritif. Dyagram ki anba la a montre de (2) plant yo apre 1 mwa.



Plant ki nan fenèt la te vin pi gwo paske li te resevwa plis

- A limyè
  - B lè
  - C dlo
  - D eleman nitritif
- 16** Dyagram ki anba la a montre bèk twa (3) zwazo diferan. Zwazo yo itilize bèk yo pou jwenn manje.



(Pa trase selon echèl la)


Diferans ki nan bèk zwazo yo se egzanzp

- A migrasyon
- B ibènasyon
- C adaptasyon fizik
- D chanjman sezonye


17 Yon egzanzp yon kreyati vivan se

- A lè
- B dlo
- C yon wòch
- D yon vè

18 Yo montre de (2) akwaryòm ki gen pwason anba la a. Pwason paran yo ki nan akwaryòm 1. Pwason ki nan akwaryòm 2 a gen etikèt A, B, C, ak D.



Akwaryòm 1



Akwaryòm 2

Ki pwason nan akwaryòm 2 ki pi ka gen pwojeniti de (2) paran nan akwaryòm 1?


- A A
- B B
- C C
- D D

19 Bèt yo jwenn enèji yo bezwen pou kwasans ak reparasyon

- A pran manje
- B absòbe limyè solèy
- C eliminasyon dechè
- D bwè dlo

- 20** Yon chen gwonde lè yon predatè rive pre li. Ki konpòtman bèt ki se yon egzanp gwondman?
- A migrasyon
  - B ibènasyon
  - C kominikasyon
  - D jèminasyon
- 21** Ki sekans ki montre nan lòd etap yo nan sik lavi plant?
- A jèn plant → grenn semans → plant adilt
  - B grenn semans → plant adilt → jèn plant
  - C plant adilt → jèn plant → grenn semans
  - D grenn semans → jèn plant → plant adilt
- 22** Ki de (2) pwosesis ki fèt pandan direkvi tout bèt yo?
- A ibènasyon ak migrasyon
  - B kwasans ak devlopman
  - C chanjman koulè ak chit fouri
  - D konstwiksyon nich ak kominikasyon
- 23** Ki tèm ki se egzanp yon pwosesis lavi?
- A kolorasyon
  - B kamouflaj
  - C migrasyon
  - D repwodiksyon
- 24** Nan fen sezon lotòn, fouri yon lapen devlope pi epè. Adaptasyon sa a fèt pou
- A kenbe kò lapen an cho
  - B bay lapen an pwoteksyon kont predatè
  - C ede lapen an jwenn yon parèy
  - D ede lapen an jwenn plant vèt

**25** Foto ki anba la a montre grenn aticho sovaj. Grenn yo andedan yon estrikti ki gen kwòk ki file.



Grenn sa yo ap pi ka simaye lè


- A bèt manje yo
- B yo tache nan fouri yon bèt
- C jèmen nan sòl la
- D devlope nan dlo

**Remake kesyon 26 la gen twa (3) chwa sèlman.**

**26** Yo te simaye yon gwo kantite sòl nan anviwònman yon lak. Nan kèk semèn, kantite plant ak bèt k ap viv nan zòn kote yo te simaye sòl la ap pi ka

- A diminye
- B ogmante
- C rete menm jan

Sèvi ak rezo alimantè ki anba la a ak sa ou konnen nan syans pou reponn kesyon 27 ak 28.



**27** Si kantite krapo yo ogmante toudenkou, ki popilasyon k ap pi ka **diminye** anvan?

- A fokon yo
- B koulèv yo
- C krikèt yo
- D plant yo

**28** Ki sous prensipal enèji pou tout òganis ki nan chèn alimantè sa a?

- A Solèy
- B plant yo
- C krapo yo
- D fokon yo

\*\*\*\*\*

29 Ki atik ki ta pi itil lakay ou pandan yon blakawout?

- A flach ak pil siplemantè
- B chapo ak filtè pou solèy
- C manto ak parapli
- D espre pou ensèk ak djakèt

30 Tablo done ki anba la a montre kèk tanperati mwayen lè a chak mwa pou yon vil nan Eta New York. Yo **pa** montre tanperati mwayen lè a pou mwa avril la.

**Tablo Done**

Mwa	Tanperati Mwayen Lè a (°F)
Janvye	21
Fevriye	24
Mas	34
Avril	???
Me	58
Jen	67

Selon done yo, ki tanperati mwayen lè a ta pètèt ye nan mwa avril la?


- A 28°F
- B 34°F
- C 46°F
- D 60°F

\*\*\*\*\*

## Pati II

*Enstriksyon* (31–43): Ekri repons ou yo nan espas yo bay anba chak kesyon.

Sèvi ak dyagram ki anba la a ak sa ou konnen nan syans pou reponn kesyon 31 ak 32. Dyagram nan montre kat (4) blòk yo mete sou kote A ak B yon levye. Yo montre mas chak blòk.



**31** Eksplike pou kisa kote A levye a pi ba pase kote B. [1]

---

---

**32** Eksplike kijan kat (4) blòk yo kapab ranje sou levye a pou li ekilibre. [1]

---

---


\*\*\*\*\*

**33** Dekri **de (2) konsekans** negatif yon tònad kapab genyen sou bèt k ap viv nan zòn nan. [2]

(1) \_\_\_\_\_

(2) \_\_\_\_\_

34 Dyagram ki anba la a montre pwosesis ki nan sik dlo, ki make avèk *A* jiska *E*.



Chwazi lèt nan dyagram nan ki montre chak pwosesis ki nan sik dlo a epi mete lèt yo nan tablo ki anba la a. Yo montre lèt pou dlo anba tè a k ap monte nan tè. [1]

Pwosesis	Lèt nan Dyagram nan
dlo anba tè ap monte nan tè a	E
kondansasyon	
evaporasyon	
ekoulman dlo	
presipitasyon	




**35** Ranpli tablo ki anba la a. Pou fè sa, idantifye eta matyè ki dekri nan chak seri pwopriyete. Yo montre premye seri pwopriyete ak eta matyè. [1]

**Pwopriyete Diferan Eta Matyè**

Pwopriyete	Eta Matyè
fòm ki defini volim ki defini	solid
fòm ki pa defini volim ki pa defini	
fòm ki pa defini volim ki defini	

**36** Dyagram nan montre senk (5) bwat ki make avèk *A*, *B*, *C*, *D*, ak *E*. Yo montre mas chak bwat.



Ekri lèt **de** (2) bwat ki toupre bwat la ki gen **pi gwo** mas la. [1]

\_\_\_\_\_ ak \_\_\_\_\_

Sèvi ak tablo done ki anba la a ak sa ou konnen nan syans pou reponn kesyon 37 ak 38. Tablo a montre tanperati lè a yo note pou yon semèn mwa septanm 2004 nan Albany, New York, a 12 p.m. ak 8 p.m.

**Tablo Done**


Dat	Tanperati Lè (°F)	
	12 p.m.	8 p.m.
1 septanm	73	58
2 septanm	82	59
3 septanm	72	63
4 septanm	80	60
5 septanm	76	56
6 septanm	76	52
7 septanm	77	56

**37** Ki dat ak lèt ki te gen tanperati lè yo note ki *pi ba*? [1]

Dat: \_\_\_\_\_, **2004**

Lè: \_\_\_\_\_ **p.m.**

38 Itilize griy ki anba la a pou fè yon graf an ba pou tanperati lè a nan dat 4 septanm 2004. [1]




\*\*\*\*\*

39 Kèk objè transfòme yon fòm enèji an yon lòt fòm enèji. Tablo ki anba la a bay twa (3) objè ki transfòme enèji a. Ranpli tablo a. Pou fè sa, nwasi chak espas vid avèk yon fòm enèji kòrèk. Yo montre transfòmasyon enèji a pou premye objè a. [2]

Objè	Transfòmasyon Enèji
kalkilatri ki fonksyone avèk solèy	chanjman enèji limyè an enèji elektrik
batri	chanjman enèji chimik an enèji _____
tanbou	chanjman enèji mekanik an enèji _____

40 Dyagram ki anba la a montre twa (3) estrikti prensipal yon pyebwa.




Chwazi **yon** estrikti ki make nan dyagram nan, epi eksplike kijan li ede pyebwa a grandi ak siviv. [1]

Estrikti: \_\_\_\_\_

Eksplikasyon: \_\_\_\_\_


\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

41 Dyagram ki anba la a montre kat (4) etap nan sik lavi yon papiyon. Idantifye etap yo avèk mo sa yo: lav, adilt, ze, nenf [1]



(Pa trase selon echèl la)

42 Dyagram ki anba la a montre yon gepa adilt. Plizyè estrikti deyò kò a make.



Chwazi **yon** (1) estrikti deyò kò gepa a ki make nan dyagram nan. Eksplike kijan estrikti kò a ede gepa a siviv nan anviwònman li. [1]

Estrikti kò: \_\_\_\_\_

Eksplikasyon: \_\_\_\_\_

**43** Tren, vwati, ak avyon ede moun vwayaje vit. Ki **yon** konsekans *negatif* itilizasyon kalite transpò sa yo gen sou anviwònman an? [1]

---

---

\*\*\*\*\*



**Pou Itilizasyon Pwofesè Sèlman  
Part II Credit**

<b>Question</b>	<b>Maximum Credit</b>	<b>Credit Allowed</b>
<b>31</b>	<b>1</b>	
<b>32</b>	<b>1</b>	
<b>33</b>	<b>2</b>	
<b>34</b>	<b>1</b>	
<b>35</b>	<b>1</b>	
<b>36</b>	<b>1</b>	
<b>37</b>	<b>1</b>	
<b>38</b>	<b>1</b>	
<b>39</b>	<b>2</b>	
<b>40</b>	<b>1</b>	
<b>41</b>	<b>1</b>	
<b>42</b>	<b>1</b>	
<b>43</b>	<b>1</b>	
<b>Total</b>	<b>15</b>	